ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ЛІЫЖЬ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№187 (21.095) ● 2007 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 22, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Экологиемрэ узынщагъэр хъумэнымрэ пыщІа Іуэхухэм топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен хэтащ Ищщэ Федеральнэ округым щыІэ социально-экономикэ щытыкІэр егъэфІакІуэныкІэ комиссэм и зэІущІэу фокІадэм и 19-м Москва къалэм щыкІуэгъуэм. Ар иригъэкІуэкІащ УФ-м и Президентым и полномочиІ лЫкІуэу Ищщэ Федеральнэ округым щыІэ Козак Дмитрий.

ИПЩЭ Федеральнэ округым хыхьэ щыІналъхэм я Іэтащхьэкэр тепсэлъыхьащ Урысей Ищщэм социально-экономикэ щытыкІэр щегъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ комиссэм яІэкІэ кІыщтауэ щыта Іуэхуэр эзрагъэзащІэм, щІыуэпсыр кІыэзрагъэсэбэныр, дыкъэзыуЪурерихь дунейр эзрахъумэр гъэтэрэмыным, экологие щынагъэнщагъэ кІыэзгъэпэщыным я Іъэныкъуэкі зэфІэгъэкІыпхъэхэм. ЗэІущІэм апхуэдэу къыщІэтащ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъымрэ мы ІэнатІэм щыІэ ныкъусаныгъэмрэ ягъэпщІа Іуэху щхьэхуэхэр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен нэхъ я1эк1э зэрыжи1ауэ, 2008 гъэм республикэм и бюджетыр зыужьныныгъэм хуэунэтІауэ щытыпхуи. Идэхьапсту КъБР-м и Парламентым я1ухьащ. 2008 гъэм КъБР-м и1ну хъхъуэхэм, ахъшир зытра1ыж1уэдну мурад нэхъыщхьэхэм товсэлъыхь республикэм финансхэмк1э и министр БЫШЭНАэрэт.

- Аэрэт, дызыхуэкІуэ ильэсым и бюджетым ущыхэнлъэкІэ нэхъ гу зылыпІэр сыт?

- УФ-м и Президентым зэрыжиІамкІэ, 2008 - 2010 гъэхэм Урысейм и бюджет политикэр хуэунэтІауэ щытыпхуэ социально-экономикэ зыужьныныгъэм. А хабзэр зэрыщытыкъаралым и мызакъуэу, абы и щІыналъхэми яхуэхъэщащ. Адрей гъэхэм зэрыщытам хуэмыдуэ, дэ иджы дыхуэхІуащ ку-рыт зэманым (ильэсищым) тещІыхьа бюджет зэхэлъхьэным. Идэхьапсту КъБР-м и Парламентым къыщыхьдольхьэ 2008 гъэм республикэм и бюджетыр. Нэхъ иужькІэ, щэкІуэгъуэ мазэм ирихьэлІэу, хьэзыр тщІынурэ депутатхэм етныпхуІ 2009 - 2010 гъэхэм я бюджетым и Іыхьэ нэхъыщхьэхэр зыгъэбелджылы финанс планыр.

Бюджет планыр апхуэдэ зэманкІыхьым тещІыхьауэ зэхэтлъхьэу щІыщІэддзэм и щхьэусыгъуэщ Бюджет, Налог кодексхэм зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ зэрАІэр икІи а зэхъуэкІыныгъэхэм 2008 гъэм къару зэрагъуэтыр.

- Республикэм и финанс закон нэхъыщхьэм и унэтІныныгъэ сыт хуэдэхэр кІыхъэщынхьэу кІэлъытэрэ?

- 2008 гъэри хэту, ильэсищ лъэхъэнэм тещІыхьа бюджетыр хуэунэтІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьныныгъэр щІэгъэхуэбжьным, экономикэм и финанс щытыкІэр эзтегъэувжьным, республикэм и бюджетым дотацэхэм щаубыдыхьэхэр гъэмэщІэным. А мурадхэр гъэзэщІа хьун папщІэ, дэ Іуэху нэхъыщхьэхэр дгъэбелджылам къыщымыну, бюджет мылъкур зыхуэфащэ Іуэхуэхэм яхуэгъэзауэ чэзу кІыним тету къдгъэсэбэныщ.

(КІуэхуэр 2-нэ нап.)

Зыужьныгъэм и бюджет

● Ди интервью

2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэплъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. 2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэплъэхэр дэІыгъын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэзын:

щытепсэлъыхьым хуащІа дагъуэхэмрэ къыхалъхьа Іуэхухэмрэ къэлъытауэ 2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и финанс щытыкІэр эзтегъэувжьным, республикэм и бюджетым дотацэхэм щаубыдыхьэхэр гъэмэщІэным. А мурадхэр гъэзэщІа хьун папщІэ, дэ Іуэху нэхъыщхьэхэр дгъэбелджылам къыщымыну, бюджет мылъкур зыхуэфащэ Іуэхуэхэм яхуэгъэзауэ чэзу кІыним тету къдгъэсэбэныщ.

(КІуэхуэр 2-нэ нап.)

2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэплъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. 2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэплъэхэм дэІыгъын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэзын:

щытепсэлъыхьым хуащІа дагъуэхэмрэ къыхалъхьа Іуэхухэмрэ къэлъытауэ 2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и финанс щытыкІэр эзтегъэувжьным, республикэм и бюджетым дотацэхэм щаубыдыхьэхэр гъэмэщІэным. А мурадхэр гъэзэщІа хьун папщІэ, дэ Іуэху нэхъыщхьэхэр дгъэбелджылам къыщымыну, бюджет мылъкур зыхуэфащэ Іуэхуэхэм яхуэгъэзауэ чэзу кІыним тету къдгъэсэбэныщ.

«Спартак-Налшык» профессиональнэ футбол клуб» акционер обществэ зэІухам и акцэхэр къащэхужу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хагъэхьэным арэзы техъуэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «Спартак-Налшык» профессиональнэ футбол клуб» акционер обществэ зэІухам и акцэхэр я бжыгъэкІэ псори зэхэту мин 240,0-рэ хъуэу, дэтхэнэми соми 100 и уасэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищэхужу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хигъэхьэным арэзы техъуэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 19-м
№1220-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Ярин А.В. хуэгъэза парламент упщІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къуритыжа жэуапым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым уэгъуэ зэрыщытам къыхэкІыу республикэм и агропромышленнэ комплексым щыІэ хъуа щытыкІэм техуауэ хуагъэхъа парламент упщІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къуритыжа жэуапыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 19-м
№1221-П-П

●Дыгъуасэ

Іутыж Борис ЩІДАА-м и дипломыр Нэхущ Іэдэм кърет.

КъалэныщІэхэм иужь йохьэ

Дыгъуасэ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и зи чэзу зэхуэс Налшык къалэ щекІуэкІащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ �щІДАА-м и Президент Нэхущ Іэдэм, вице-президент Хьэфэщ1э Мухьэмэд, академием и щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Тхьэзэпль Хьэсэн, академикхэр.

ЯПЭ У къэпсэльапІэр хуит зыхуащІа **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** къыз эхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгукъэрэ илъэс 450-рэ зэрыриІкъум иращІэкІа гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэм ЩІДАА-м хэтхэм халъха гуащІэр зыхуэдизым.

Махуэшхуэм и щыкІэ дэ ди республикэм Іуэхугъуэ 183-рэ зэрыщекІуэкІар, абыхэм щыху мин 270-м нэблагъэ зэрыхэтар къыхигъэщащ Мухьэмэд икІи академикэр я пщэ дэлъа кІалэн псоми зэрыпэлъэщар игъэбелджылащ. Апхуэдэуи езым епхауэ щыта, хамэ къэрал къикІа делегацэхэр гуфІэгъуэ зэІущІэхэм зэрыхэтам, Иорданием къикІа Молэ Исхьакъ КъБР-м и Президентым зэрыІущІам, псалъэмакъ щхьэпэхэр зэрырагъэкІуэкІам тепсэлъыхьащ.

Академиер 2008 гъэм зэрыщекІуэкІа зэхуэсыщхьэм академием хагъэхьахэу Іутыж Борис, Джырандокъуэ Михаил, Унэж Кашиф, ТІымыжь Хьэмыщэ, Пащты Лейлэ, Опрышко Олег, Къалэжьокъуэ Хьэсэн, Щурдым Гъэзалий, Тембот ФатІимэ т. Хьурей Заирэ сымэ �щІДАА-м и дипломхэр иратыжащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ
трихащ.

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС.

КъШР-р Урысей къэралыгъуэм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ щрикъу махуэр щагъэлъэпІэнум ирихьэлІэу Черкесск къалэ зэІуэмэщ ящыпи папщІэ Федерал центрым республикэм сом мелуани 104-рэ къыхунутІыпщащ.

МУНИЦИПАЛЬНЭ властым къыхэзрилъытэмкІэ, Черкесск къалэм и тепщэр нэхъыкІэ хъу зэпыту нужьрей илъэсхэм екІуэкІащ. Къалэдэсхэми хьэщІэхэми, дауи, абы дэрэжэгъуэ къаритырыкъым. Республикэм и къалащхьэм зыщІимыужьам и щхьэусыгъуэу къыгъэлъагъуэр архитектурэмкІэ щыпІэ управленэр зэрымылэжьарщ, къалэм и унафэщІ къулыкъум щхьэкІэ зэныкъэкъуэу илъэс куэдкІэ зэрекІуэкІарщ.

Къалэ администрацэм къыхэритамкІэ, Черкесск зэІуэпэщ щыным республикэ бюджетым япэм къыхуиутІыпщу щыта ахъшэр хуэдитІым щІигъукІэ нэ хьыбз хъуащ. Абы и фІыгъэкІи къалэ гъэзагъэр, уэрамхэр зэрагъэпэщыжащ, сабий джэгупІэхэм къахэхъуащ. Апхуэдэуи къалэ кІуэцІыр зэрызэщІакъуэ техникэр къащэхуащ, пхъэнкІий идзыпІэхэр ягъэуващ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



Зэкъуэшыныгъэ, зэгурыІуэныгъэ

АБХЪАЗ. ***Волгоград къалэ администрацэм Абхъазым и дыкІуэ гуп иджыблагъэ щрагъэблагъащ. ХьэщІэкъэр къэкІуат Къалэ-лЫхъужьыр илъэс 418-рэ зэрыриІкъур хэгъэрихьэм дагъэлъэпІэну.***

АБХЪАЗЫМи къалащхьэ Сыхъумрэ Волгоградрэ илъэс зыбжанэ и пэкІэ къуэш зэкъуэхъуауэ щытащ. Абы ипкъ иткІи лъэныкъуитІым зэращІыпІащ социально-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэгурыІуэныгъэхэр.

Волгоград къалэ администрацэм и унафэщІ Гребенников Роман къыхигъэщащ Абхъаз Республикэм хуаІэ пыщІэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Псом хуэмыдэу туризм ІэнатІэм зегъэужьыныкмкІэ.

«Урысей Федерацэр къыдэрыддэІэпыкъуэ зыхэхэщІэ зэпытщ. Волгоград етыпыІа зэгурыІуэныгъэкэм къагъэлъагъуэ ди зэпыщІэныгъэкэм лъэныкъуитІми фІы къаэрыхудэкІуэнур», - жиІащ Сыхъум къалэ администрацэм и унафэщІ Лабахъуэ Алиас.

щІэныгъэхэмкІэ къудамэм и щІэныгъэ секретарым и къуэдэсу ягъэуващ биологие щІэныгъэхэм я доктор Тембот Фатимэ т, математикэ щІэныгъэхэмкІэ, информационнэ технологиемрэ вычислительнэ системэмкІэ къудамэм и щІэныгъэ секретарым и къуэдэсу Къалэжьокъуэ Хьэсэн, жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ къудамэм и щІэныгъэ секретару Мысрокъуэ Замир ягъэуващ.

Щыщхьэщыр Мейкъуапэ щекІуэкІа зэхуэсыщхьэм академием хагъэхьахэу Іутыж Борис, Джырандокъуэ Михаил, Унэж Кашиф, ТІымыжь Хьэмыщэ, Пащты Лейлэ, Опрышко Олег, Къалэжьокъуэ Хьэсэн, Щурдым Гъэзалий, Тембот ФатІимэ т. Хьурей Заирэ сымэ �щІДАА-м и дипломхэр иратыжащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ
трихащ.

Мелардищ и уасэ

ФокІадэм и 20 лъандэрэ Сочи щекІуэкІ «Кубань-2007» 6-нэ дунейпсо экономикэ форумыр.

Ягъ махуэм и закъуэ абы щэзращІылІащ ухуэныгъэхэм тещІыхьа проектхэм я зэгурыІуэныгъэу евро мелардищ и уасэ.

УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ яІуащІащ ди къэралымрэ нэгъуэщІ щыІэпІэхэмрэ щыщ компание лъэрыгъехьэхэм я лЫкІуэхэм икІи зэІущІэщхуэм и мыхьэнэм, абы кІэуэкІу иЭну зыщыгугъэхэм аэрэ хигъэгъуэзащ.

ФинансхэмкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Кудрин Алексей зэрыжиІамкІэ, 2010 гъэм ирихьэлІэу Урысейм и фонд нэхъыщхьэ псоми я инвестицэхэр доллар мелард 370-м нэсыну. Абы и нэхъыбэр щІыху щхьэхуэхэм къабгъэдэкІынущ, процент 20-м нэблагъэр къэралым и мылькущ.

ТхьэмахуищкІэ

Китайм щыкІуэда урыс спортсменхэм щыгъуэ Зверев Александр къагъэлъагъуэ. И хьэльагьым хуабжьу хэщІа пэтми, ар зокІуэф икІи тэмму мэщэльэф.

Къэзан щыщ спортсменыр ерыскъыпшІэу махуэ 25-кІэ къеГъэлакІуэжи гъэпІащ. Иджы абы и узынщагъэр зыхуэдэр Хэтан къалэ сымаджэщым къыщапщытэ.

Щебгъэрыкіуэм

Мэхъэчкъалэ щаукІащ пэуцІэ уэрэм зыщыдгъэбыда щІэнхъыджанэу тІу.

Дагъыстаныр и прокуратурэм, МВДм, ФСБ-м я ІэщІагъэлІэхэм ахэр хэтми эхагъэкІ.

ЩІэнхъыджащІэ еруэм щебгъэрыкІуэм, ФСБ-м и лэжьакІуэ хэкІуэдащ, СОБР-м щыщ нэгъуэщІ зыи уІэгъэ хьащ.

ЯдэІэпыкъуэ папщІэ

Хабаровск крайм и властым къыхедхьэ унагъэущІэхэм щхьэкІэ къэрал субсидиер ят щыІуэхэм (кредитхэм) хагъэхьэну.

Губернатор Ишаев Виктор а жэрдэмыр щигъэзІауащ «Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ зедгъэжьакІэрэ, къэралыр кьэдгъэщІэрэщІэжынщ» кьыхуеджэныгъэм щІэту Хабаровск щекІуэкІа 2-нэ Къуэкіыпіэ Жыжьэ дунейпсо экономикэ зэІущІэм.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 22, *щэбэт*

◆ Къэзахъстан Республикэм щыпсэу дзыпкъэм я бзэхэм я махуэщ. 1998 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

◆ ФокІадэм и 22 - 29-хэм Марсель (Франджы) щекІуэкІыну уэрэдзыкІакІуэ ныбжьыщІэхэм я Х Дунейпсо оперэр эпеуэр.

◆ Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэтІ 6-рэ дакьикъ 55-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъ 5-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъущ сыхьэт 12-рэ дакъикъ 10-рэ.

ФокІадэм и 23, *тхьэмахуэ*

◆ Саудей Хьэрэп Пащтыкъэ хьыгъэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Пащтыкъыгъуэр щагъэува махуэщ (1932).

◆ Илъэс 70 и пэкІэ (1937) кьыз эрагъэпэщащ Архангельск, Вологодск областхэр.

◆ Париж щыІэ ЮНЕСКО-м и штаб-фэтэрым щекІуэкІащ Мэзкуу и Правительствэм къызэригъэпэща сабийм и илъэсым и презентацэр.

◆ Илъэс 85-рипкъэІэ (1922) кьалъхуащ урыс тхалІэ, дзэ корреспондент, «Мэзкуу кьыщыщІэдзащ Берлин нэс» тхылъыр зи ІэдакъэщІэжі Брагин М. М.

◆ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1918 - 1942) Новороссийск деж щыхэкІуэдащ урыс совет усакІуэ, «Бригантин»-р студент уэрэд щІэрыІуэр зыуэ Коган П. Д.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэтІ 6-рэ дакьикъэ 56-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъи 3-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 12-рэ дакьикъи 7-рэ.**

ФокІадэм и 24, *щэбэт*

◆ **Тенджызым и дунейпсо махуэщ.** Тенджызым и дунейпсо организацэм и Х сессием и унафэкІэ 1978 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

◆ ФокІадэм и 24 - 29-хэм Ханты-Мансийск щыІэхэтынущ «Ищхьэрэ форум» дунейпсо ассоциацэм и 8-нэ генеральнэ ассамблеер.

◆ ФокІадэм и 24 - 30-хэм Истамбул (Тыркуэ) щекІуэкІащ «Спорт-Медиа-2007» 2-нэ дунейпсо фестивальр.

◆ ФокІадэм и 24-27-хэм Мэзкуэ областым щыІэ «Крокус Экспо» дунейпсо гъэлъэгъуэнІэ центрым щыІэзэхэтынущ «Роспромтех» Урысей промышленно-технологие выставкэ.

◆ Илъэс 25-рэ и пэкІэ (1931 - 1982) дунейм ехыжащ театрымрэ киномрэ я актер, РСФСР-м и щІыхь Іэ ЮНЕСКО-м и Подгорный Н. В.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэтІ 6-рэ дакьикъэ 57-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ зы дакьикъм.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 12-рэ дакьикъи 4-рэ.**

ПІуэнтэр ящІыхьыжьащ
ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликъ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Пхъэ мысрэ псы мывэрэ щыІэкъым.

МафІэдз Сэрэбий и повестыщІэ

Нобэ тедзэн щыдодзэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, тхакІуэ МафІэдз Сэрэбий и повестыщІэр, «Уэрэд макъамэ» зыфІищІар.

МафІэдз Сэрэбий Аруан куейм хыхьэ Джэрмэнщык къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэхъыбэм егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэт училищэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къыхуащ. ЕджапІэ нэхъыщхьэм щыщІэса лъэхъэнэм дэзыльэха тхыдэдж лэжьыгъэм нэхъ кууэ хьыкащ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым кІуа иужь. Абы щызэфІигъэкІа лэжьыгъэшхуэм кьыдэкІуэу, 1974 гъэм и кандидат диссертацэр щыпхигъэкІащ этнографиемкІэ Москва дэт институтым. 1989 гъэм ар тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор хъуащ.

МафІэдз Сэрэбий бзэ щэрыуэ, къулей зиІэ тхакІуэуи зыкьигъэльэгъуащ. Абы и къалэмыпэм кьыщІэкІащ рассказ, повесть зыбжанэ, «Уэнджырокъуэ», «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр. Абыхэм щІэджыкІакІуэхэми критикхэми псалъэ гуапэ хужаІащ. Ди гугъэщ нобэрей кьыдэкІыгъуэм и ещанэ напэкІуэцІым тет мы тхыгъэщІэри гунэс ящыхьуну.

Фыдогъэблагъ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ

ТІощІр еплІанэ дзэгугъуэ

«Спартак - Налшык» - «Сатурн» (Мэзкуу область)

Налшык.
«Спартак» стадион.
ФокІадэм и 22-м. Сыхьэт 17-м.

«Спартак-Налшык-Д» - «Сатурн-Д» (Мэзкуу область) - 3:3

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм хэг командэхэм я дублерхэм я зэхьэзэкуэм хьихьэу дыгъуасэ Нарткъалэ и «Химик» стадионым щекІуэкІа зэІущІэр апхуэдэу ихуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топхэр дагъэкІащ Усанов Максим, Балэ Руслан, Быдэ Исльам сымэ.

«Спартак»-Д»-мрэ «Сатурн-Д»-мрэ зэрызэдэджэгуам теухуа тхыгъэ газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыужьныгъэм и бюджет

(КIэухыр. ПэщIдзэр 1-нэ пап.)

Псом япэуахьшэр ирикъуу хуаутIыпщынчу бюджет Iэнатiэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр етыныжрэ социальнэ гуп пыуыкIаIэхэм ядэIэпыкъуныжрэ. Абы къыкIэлъыкIуэ кIалэнщ егъэджэныгъэм, узынщагъэр хъумэным, агропромышленнэ комплексым яхуэгъэза лъэпкъ проектхэм, апхуэдизу федеральнэ инвестицIэ программэ пыухыкIаIэм республикIэм къыщыдальыхьаIэ Iыхьэр хэлъхьанщ.

Кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къальытащ бюджет Iуэхущапсэхэм я лэжьыгъэ зыгъэпсэпэщыныр. Ди жагъуэ зэрыхъуащ, абы и лъэныкъуэкIэ кьыхэзыща бюджет кьалэнхэр ирагъэуэ гъэзэщIа хъуркым, псом хэмыдиу Iуэхущапсэхэр зыхуэныкъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным хэзгъэзауэ кьагъэсбэгъэнфын ахьшэ щамыIэ куэдрэ кьыхуохуэ. Абыхэм кьадэкIуэу нэхъ набдзэгубдзапIъэу кIэлъыпIкьыпIи хуейш бюджет Iуэхущапсэхэм я зэфIэкIкъэгъэмыхуэзыгъэнымхуэзыгъэ ящыщ. Ди жагъуэ зэрыхъуащ, абы и лъэныкъуэкIэ кьыхэзыща бюджет кьалэнхэр ирагъэуэ гъэзэщIа хъуркым, псом хэмыдиу Iуэхущапсэхэм зыхуэныкъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным хэзгъэзауэ кьагъэсбэгъэнфын ахьшэ щамыIэ куэдрэ кьыхуохуэ. Абыхэм кьадэкIуэу нэхъ набдзэгубдзапIъэу кIэлъыпIкьыпIи хуейш бюджет Iуэхущапсэхэм я зэфIэкIкъэгъэмыхуэзыгъэнымхуэзыгъэ ящыщ. Ди жагъуэ зэрыхъуащ, абы и лъэныкъуэкIэ кьыхэзыща бюджет кьалэнхэр ирагъэуэ гъэзэщIа хъуркым, псом хэмыдиу Iуэхущапсэхэм я зэфIэкIкъэгъэмыхуэзыгъэнымхуэзыгъэ ящыщ. Абыхэм кьадэкIуэу нэхъ набдзэгубдзапIъэу кIэлъыпIкьыпIи хуейш бюджет Iуэхущапсэхэм я зэфIэкIкъэгъэмыхуэзыгъэнымхуэзыгъэ ящыщ. Ди жагъуэ зэрыхъуащ, абы и лъэныкъуэкIэ кьыхэзыща бюджет кьалэнхэр ирагъэуэ гъэзэщIа хъуркым,

Уэрэд макъамэ

МАФIЭДЗ Сэрэбий

Повесть

1. ЩымыIэж къуажэ

КъЭРАЛЫМ сэбэп зэрыхъэжъуащэ щымыIэу яIэтыэмкI, къуажэ цIыкIум дэсхэр псори насыпыфIэщ пхужьыIэнт? - ауэ хъарзынэу псэуХэрт, ты унагъуэм хэуэду зэкъуэту. «ЕфIакIуэ» фIащауэ кIотхэ тIэкIуу зэхэтт, гъавэ яшIэрт, Iэщ зэрахъэрт, щIыр пэрыхьэтт, мекъумыIэр я куэдт, зикI уи Iэпхъуамбжэр зэгуэхэзмэ, лажьэ, умыщхьэх, нэгъуэщI узыхуей щыIэкIым. Зыт къуажэдэсхэр нэхъ гугъу езыгъэхьыр. Я бынхэм ефжанIэ яIэтэкIым. Пэщ1ащэ щхьэгъэ яIэтэкIым, щIыр пэрыхьэтт, мекъумыIэр я куэдт, зикI уи Iэпхъуамбжэр зэгуэхэзмэ, лажьэ, умыщхьэх, нэгъуэщI узыхуей щыIэкIым. Зыт къуажэдэсхэр нэхъ гугъу езыгъэхьыр. Я бынхэм ефжанIэ яIэтэкIым. Пэщ1ащэ щхьэгъэ яIэтэкIым, щIыр пэрыхьэтт, пэш щыкIуитI хъууэ, яп классымрэ ещанэмрэ, етIуанэмрэ еплIанэмрэ зэхэсу бзэм, есэпым, тхыдэм, географием, дуней щIыуэпсым я хабзэ гъэрхэм щыгъуазэ ящу, тхэкIэ, ефжэкIэ къраГъащтэу. Гугъу щIехьыр а еплIанэ классыр къэзыухахэр, адэкIэ ефжэнымэ, щIынигъэм гу хуащIамэ, здэкIуэм зэрамыIэрт. Апхуэдэхэр, пэжым ухуеймэ, кудтэкъым. Сабийхэм яфIэфIтэкъым тхыпльым тезашэу бгъэдэсыну, джэгуэ, къуей щIейуэ, уэрамым дэтмэ е бдзэжьеящэ кIуэмэ нэхъ къащтэрэ. ИтIанэ нэрыбгэ зытхух къыхэкIырт тхылъым дихьэхыу, абы итыр яфIэгъэщIэгъуэну, ефжэмэ, щкольм кIуэмэ нэхъ къащтэу. Зауэм ипэ зэманмэ, зауэ нэужь ильэсхэми апхуэдэхэр кудтэкъым. КъахэкI зырызыр, мыдрейхэм ещхьу, щеджэн зэрамыIэм щхьэжIэ колхозым хыхьэрт, хэт выщхьэтеху, хэт дакъэвауэу, хэти шкIахъэуу, адрейхэр пхъэхьэ-псыхьэу.

Ауэ нужькIэ нэхъыбэ хъуащ зи быиным щIэныгъэ езыгъэгъэтыну хуей адэ-анэхэр. Сабийхэр ЩыIгу зэщIащIэ къуажэ гъуэгуфIым щыIэ нитьэсибл еджапIэм ящIэу ягъаблэщ. ИтьэсибI школыр къэзыухэр учетчик хъурт е бухгалтерием Iэпыдзпъэпыдзу щIагъэтIыс хъурт. Ауэрэ нэхъ хуэщIа адэ-анэхэм я бынхэр ядэжи еджакIуэ ягакIуэ хъуащ. Сабий зыкъомыр епщIанэ классым нэс зыдэт къуажэхэм щыгъэу я благъэ, я IыхьIы хуэдэхэм я дж щагъэIэрт, абы курыт еджапIэр къыщрагъэхьыу адэкIи Iэщ1агъэ гъэрхэм хурагъэджэн щхьэкIэ.

Апхуэдэхэм яхэтащ Къантемырыр. Ауэ абы нэхъыкIэ къуажэ цIыкIум Iэджэ къыщыхъуащ. Абыхэм ящыщу нэхъ хьэтIэу, нэхъ нэщIабжьашхэу Къантемыр итьэтэр тхьэIуХуд щырым ещхь, Iэнцэхэ я хъыджэбз щIыкIу Iалуэ з къыщыщIа щIэщхьу бзаджэрт. Iьэтэуныгъэр зигу къыщIыщу щIэзыдза дэтхэнэ зы щIалэ цIыкIуми ар и пIъапIэт, щIынахуапIэм дж зыкъыпрагъэхьу, щIыжейкIэ я пщIыхьэпIэм хэту. Iалуэ зыщыкъ ишIаxэм ящыщт Къантемыр. ЗыкI фIэIэфIу, зыкI щIэхьэпсэу ар Iалуэ епщIыхьыртиI..

Нэхъыжьхэм, инафэщIэхэм сабийхэр еджэныем мыхьэнэшхэу иIэу къамылытэрэт, сытми, сыхьэт зыгIущкIэ щыгур гъэжьы. Къытрачу цIыкIуэр ЩыкIым зэрашэр нартыхэу дэчыгъэуэ районым къикIыу зэгуэрым къуажэм къэкIуэ уполномоченэм щагирисгъэтатащ.

Абы щыгъуэ ар тешанкIэм ису жьыуэ къыщыкIуэм сабийхэр зэрыс гур IыгитъэувыIащ. «Сыт фыкIуэрэ?- жиIэу къащеупщым, Iуэжр зыIутыр гурагъэIуащ. Ар къыщищIэм, лажьэ зимыIэ зышгуэум хьэр тригъэжьэнэкъэ?

- Партыхуэр мафIэм хьэмыт тельщI! Къэрал Iуэху фIи Iуэху фэ?! Фи щхьэ Iуэжр япэ ивогъэщ. Щыгъэтын хуейщ ар, игъуэ хъуащ. Нэгъаззэ идкIыпсту сгъатгуу! Арыншамэ, укъыдзэгъэпIыкIыну, ухуейкуэ щытмэ, тутнакъэщ щхьэтгъуфкъэм!

Сыт ищIэнт щыгуэм? Абы щыгъуэ, пэж дыдэу, «къыдагъэпIъар» мащIэтэкъым. Къыгъэззжащ гум. Абы гущхьэ тажджэ тригъэувэрэн, сабинхэрэн зэбграмыгъэкIыжу, я тхылъ тIэкIуэр IъэныкъуэкIэ ирагъэгъэтIылIри, нартыхур гум ирыраГъэкIуташ. МофЫкIыжьэ щIыIэбжьым я Iупэхэр ущхъуэнтIыжауэ, я Iэбжьынэхэм щIыIэр дихьарэ зэу сабийхэр хьэмыт тетащ кIыфI хъуухкIэ, нартыхуу зохадзу, ятхъыу, матэхэм иракIуэгу, из ящIар балигъхэм гум яхъуэрэ иракIуэгу.

Абы иужькIэ сабийхэм иныскъуэр еджэныр хыфIадзэри колхозым хьхьащ, къэна зыщIплIыр я гъынэгъу ящхьэм лъэсу кIуэуэрэ еджэу щIадзащ. Абыхэм яхэтт Къантемыр, Iалуэ дахэ щыкIуэ. Зэгуэрым, Iалуэ я хъащIэрыхъуэр Къантемыр ищIэжыркъым, щIапэр зэхэуэу щIидзаУэ, ебланэ классым кIуэ хъащIджэбз танэ цIыкIур школым кIыхьжу лIы гущIэгъуншэ гъэрхэм яубыдри лей нрахащ. Хъыджэбз цIыкIур къэмэхауэ пIыбжьэм хэтъыу блэкI гъэрхэм къаIъаГъури, и пIыхьыжкIуэ екъа и адэанэм къратыжащ...

Иджы Iалуэ фызышхуэ хъуауэ Къантемыр къаIэ уэрамхэм щелIащ, ар ящIэ зэрыцIыхуу, зы къуажэ щапIхуэдэу, зэгъуЗэу еджауэ зэрыщIытар ищIэжу Iалуэ Къантемыр щыхъэ ригъащIэркъым. ЗэрымыщIагъэкIэ зэIууамэ, и щхьэр щIеIу, фэнд хуэдиз хъу и пIакъутIыр егъэпсынщIэ, блетхъури, тхъэмыщкIэр яюжьэж. Ар зыкъэ Къантемыр фIэгъэныхь мэхъури, пхужьыIэнкъым.

А нэщхъеягъуэр абыкIи зэфIэкIакъым. Iалуэ щагъэнэхъуам щыгъуэ Мэракlуэ Самэд кIапсэ кIыщIэщ, мэхъ кIэрэн и щхьэр пилъэжат. Жьаэрт и анэм къыгъэгубжьу апхуэдэ щIэпхьаджэр зрищIэжауэ. Пэж дыдэу, Самэд и анэр фыз гуащIэт, егъэлеяуэ тэмакъкIэщIу, ауэ Къантемыр иджкIыри и фIэщ мэху - Самэд зыщIнуКIыжкар Iалуэ дахэ щIыкIурт. Ар абы фIыщIэу, псом нэхърэ нэхъыфIу, итьагъуу щытащ. Самэд сытри тыншу къеХъуIэрт, сытми занщIэу тегушхуэрт, кIыкIуэт ищIэртэкъым. И ныбжьым емыльытауэ, Самэд щIалэ Iэчльэчт, кIарууфIэт, Къантемыри ахэту, псоми ятекIуэу, псори игъэщIыну. Къантемыр ар зэи щыгъупщэркъым. Ар Самэд екъуапсэрт, ипэрауэ, анэ зэрIэм щхьэжIэ. ИтIанэ мышынэу зыхуеIэр сыт щыгъуэ щхьэгъуэ зэрыбгъэкIуэ. Къантемыр ар зэи щыгъупщэркъым. Ар Самэд екъуапсэрт, ипэрауэ, анэ зэрIэм щхьэжIэ. ИтIанэ мышынэу зыхуеIэр сыт щыгъуэ зэрагъэкIуэкIрэ сомитI-щы къаIэрыхьамэ, зэрыбгынэр Iэджэ хуейт: сабийм я фэ и ралъхьэн, я лъэ фIалъхьэн, адэкIэщIи - щыгъу, сабийм ящIэгъуэ, мастэ, Iуданэ. Абыхэм кудэ къыдэхуэрэтэкъым. Абы кхъыжкIыу суРэттехуэм иратыр е хадэхэкIт, е бавлэжкIт, е гъэзэкэкIт. Зауэм ипэкIэ ахэр цIыхум нэхъ ягъэ гъыртт, ауэ зауэ нэужьым... Абы щыгъуэ сурэт зыгъэгубгъэхъыфынут чырыкн тебэ идзэгъуэкIэ, кхъуэГихьэлкIэ, кIэртIоф къэп ныкъуэкIэ, лы гъур IыхьэкIэ...

Сурэттехэр шатэ техуагъащIэ литритIбIэ арэзы щыхъуэт, я гъуэ нэгъу хъыджэбзым и адыгэ фащэр Къантемыр и анэм кхъыуалъэIухуэщ, ар хуэину, кхъыщIэ лъэгуэ щрагъэтIагъэщ, дыщэ пIэ щхьэгъуэр щхьэрагъэтIагъэрэ, егъэлеяуэ зэрыуКIытэр и нэгу кхъуIэбжьамэ ипIагъуэу, трагъэхат. А сурэтыр Мачэдинэ имыгъэкIуэду зэрихьати, Къантемыр зыгуэр къыгурыIуэ щыхъумэ, къритыжат:

- Мыр, си нэхунэ щыкIу, уи анэм и сурэтщ, умыгъэкIуэду зезыхъ. Абы щыгъуэ Iэрэ Iаджэ сыбгуфрагъэувэнути, унэ сихьакIэт. Сызыхъсэм нагъажьэу сыкърагъэшхэжынути, сурэттехыр пIащIэрти идакъым. Мы сурэтыр къыщIихьыжкам щыгъуэ сэрэ, джэдыкIэ тIоIщ иратрри, стрыращIыжыкъэм

Зыгъэпсэ-хугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Нэщэнэхэр

Вагъуэбэр щIым хэплъэ-МЭ

❂Блэгъур жьэ[illegible]чу ҳыҿIэбдзэу ядэртэкъым.
❂Былым къозытыр щIэмыфыгъужмэ, мэбагъуэ.
❂Вагъуэбэр щIым хэплъэмэ, къэб къуэпсым ведз.
❂ГъущIыпэкIэ дзэм удэIэбэну фIыкъым.
❂Брыскъым уелъапэуэну фIыкъым, зы дзэкъэгъуэ нахь мащIым зыгъбгъэхуэн хуейщ.
❂Сыхапхъэр уэмэ, хьэщIэ къэкIуэнущ.

● Гушыlэ

Си закъуэу сытетащэрэт

Зэгуэрым Дизыкъуажэ бззэрым кIыат. Сыт щыгъуи хуэмыдэжу, а махуэм цIыху Iув щызэблэкIырт, хьыхьэпIи хэкIыпIи бгъуэтыртэкъым. Дизыкъуажэ ираудэкIыу бззэрыцIм кьинати, ерагъкIэ кьыхэпщыкри:

- Уэ хухуей мыгъэ, саукIаи! Си закъуэу хунтУ зэ сытетащэрэт мыбы! - жиIэри бззэрым хэпльэу увыжат.

● Хабзэ

Нэхъыжьхэм ятеухуауэ

❖Нэхъыжь щыгъуэ [illegible]уэ, кIэлIыдыжьхьыжьхэм, ауIэ кIэлIыокIуатэри, зыхуейр жраIэ е кьыщыгъупщIамэ иратыж.
❖Нэхъыжьмрэ псалъэ тIу ящIыкъым, абы и унафэ зэпсэлъыхьыжыкрькым.
- Псоми щахэIуакIэ, сезы пщым ипхъу дыдэми зэ хигъэнщ, куэду фIыщ. НэгъуэщI мыхъуми, пщым ипхъу тхьэIухудым ищIнщ сэри сызэрыщыIэр, - жиIэгъаш Дизыкъуажэ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

Сызэрыщыlэр къыщIэнщ

Цыхухэм ауан къригъэщIын мурадкIэ, Дизыкъуажэ и жагъуэгъу гуэрым и хьыбар игъэIуащ ар къуажэпщым и пхъуэ лъыхъу хуэдэу. Хьыбарыр жьыIэм дзэ хуэщ. Ар номи зэ хахауэ Дизыкъуажэ кIыщищIэм:

- Псоми щахэIуакIэ, езы пщым ипхъу дыдэми зэ хигъэнщ, куэду фIыщ. НэгъуэщI мыхъуми, пщым ипхъу тхьэIухудым ищIнщ сэри сызэрыщыIэр, - жиIэгъаш Дизыкъуажэ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Щыкlуэхэм папщIэ

Е пщIауэ фIы ущымыгуГъ

ЗЭРЫДЖЭКЪУЭКIэ зэддж къуэ кIуэщIым зыщIзыыбгъуа мэз дзгум хэщIапIэ щащIауэ ипIэс куэд пIынтIдэрэ бажэ гуп щыпсэурт. Къахьхьи, яхэкIи, кьещакIуи, къэзыкIи щымыIэу, я бжыгъэм хэхъуэ зэпыту, щхьэжуэхъуу псэурт бажэр.

Дыгъужь закъуэтIакъуэ кьахукъуэпIрыми, бжьэ къэпщIам хуэдэу хуеIм щызэблэкI бажэ къоымым ихэтъэдэну иракуртэкъым.

Бажэхэм я тетыр егъэлеяуэ ябгэт; хьэIужажэ здэщымыIэ бгъуэтын, бейгуэлхэри и гъунэжти, мыдрейхэр я псэм пIъдакъапэкIэ тету ягъэпсэурт. БажэтI зэгъуэкI хьуамэ, Тетымрэ абы и бейгуэлхэмрэ хущIатхъуэрт. Тет абгэр техун, бейгуэлхэми я пэр щIым щыхъуэн хуеIуэ жаIэрт. Абыхэм я гурращэр адрей бажэхэми хуаIуатэрт. АбыкIэ арэзыхэрэ мащIэ тэкъым. Ауэ нэхъыжьхэм ящыщ зым: «Ахьей, Тетыр т епхун, бейгуэлхэм я пэр щIым яхущIыпхъуэн фIэкIа хэмылытэмэ, сытым щыщIтI ФепIлъыт абы и кIэрывзэк къомым! «Уишт!» - зэрыжиIэу илъын ньэзыру иопщIэпщIэкI. Кьэзэуат кьэдмыIэтэ, нэ хьыфIщ. Бажэкэр дыякьыпIыфIэу, дыхьилIэщIыу дыкьаIатьытэ. Дэрдэру дызэрыуКIыжмэ, нэгъуэщIхэм уэрэд кьытхуаусыбищ, пунэлат кьыдахьнищ, ди пщIэри тIахъышэ хьунщ. Насып зиIэм шыIэ нэщ, жи, тIэкIу зыдвгъэшыIэ. Хэт ищIэн, ебгъэлеймэ кьреху жи, ди гъащIэр дэгъэзеигъэу дымыкьу, дэри зэгуэр дижь кьепщэнкIэ ущыкIэ», - щыжиIэм, мыдрейхэми зыэзтрауIэфIэжащ.

Гупым БажэнэкIэ едкэу, ныб жьышхуи имыIэу зы бажэ кIэщыIущ цыкIу яхэтти, Тетым зэрикъэ залымыгъэхэр, зэрыуКIейщыкIейр мащIи-куэди и гум техуэрэтэкъым, щIэчэ имыIэу абы пщIэувэрт. «Хьы! АфIэкIа номыр зимыIэм епIытI!..» - жиIэу бамПэрт Тетыр. Бажэнэр �IумПIафэ ищIын, езым и «замПIэм» ирипхъхьэм мыгъэкIэ, Тетым Iэмахуи пIэр кьигъэсэбэпащ, и бейгуэлхэри ириущтащ, кIуэаракъэ, еуэу хуэхIакьым, армыхьумэ нэгъуэщI ирищIэн игъуэту кьигъэнакьым. Сыт иращIэми, Бажэнэр зымащIи кьэлэнджакъым. ИкIэм: «Мы фасикъыр Зэрыджэкъуэ дзэу сэ псэхугъуэ згъэтынукъым, дауэрэ фщIыми, Бажэнэжь цыкIум мы хуейр кьеевгъэбгынэ, ар флъэмыкIынумэ, фэрэ сэрэ дызэпыкIынщI! - щыжиIэм, бейгуэлхэр зэрехьэкъэщI, дзыгуэу ешуэ мэзым хэт Бажэнэр ирахуижьэри Зэрыджэкъуэм дахуащ.

Бажэнэ кьытетха лейр бдзэжьей кьупщхьэу и тэмакъым тенарэ гупсысэх хьуауэ, ипIэ зэрищIэжьиным хуэпабгъэу, Шымэкъужь, Бэ тэ жьпIэмэ щыпIэ куэд кьыкъэхикIуащ. Ауэрэ и пъэр Дыгъужьжьуэ ин-хусащ. Бадзэуэгъуэ мазэт. Дыгъэр къэмыплъ щIыкIэ, дыгъужьхъэм я щэкIуэн зэфIагъэкIри адэкIэ-мыдэкIэ жыг щIагъэм щыгъуэтыауэ жейрт. Дыгъужьхэр кьэзгъэзэ-ущмэ бзльхъ сыдэ хуэнщ, жиIэу сакъыуурэ, Бажэнэ хуей цыкIу гуэрым ихьэрэ кьипIтыхьащ. И тхьэкIумитIыр гъэкIарэ и нэхэм кьригъэжьыхьу, удзыпщIэм хэс Дыгъужь дахэшхуэр щиIьагъуэм, зэщIэувыIыкIащ.

- Ей, умышынэ, хъарып, сэ бажэл сшхыркьым! КъажIуэ мыдэ, кьызбгъэдыхьэ! - кьеГуоуащ дыгъужьыр.

Бажэнэ, дыгъужьыр сыт щыгъуи дыгужьыщ жиIэурэ, дзыхь хуимыщIыщу, щтэIэщтаблэу, гъунэжу зыхуищIри кьэувыIащ.

- Сытым уклъсхуихьа, хъарып? Дэни укъикIа? - еупщIащ Дыгъужьыр.

- Кьыскхуэгъэгъу, зиусхьэн, - щхьэщэ Таурыхъ пщIащ Бажэнэ. - Сэ Зэрыджэкъуэ мэз щIэхъуэм сыкъикIащ, си щIэр аращ. Бажэнэщ. ЕмыкIу кьыскхуумыщI. Дыгъужьыкъуэ сыкъэжIэнкIэ щIэхъуар нехьэкI-кьехьэкI хэмылтуэ бжэнэщ... - къригъажьэри Зэрыджэкъуэ щекIуэкIыр кьанэ щымыIэу хуиIуэтащ.

- Iа-ау, зиунагъуэрэ, ар дауэ? Сыши а ф Тет абгэм и лIыгъэр здыиэсым сегъэпIпытI, - жиIэри Дыгъужьыр ежьащ.

Мэзым щIпхьыкIкIэ дыгъужь жейхэр кьыззщоу, я щхьэр кьаIэтурэ я Тетым иопIть. «Г ЪуСэ ухуейкъэ, зиусхьэн?» - жызыIи кьахокI. Модрейр: «Сэ гъуСэ сиIэщ», - жиIэурэ кьыззтемпыуВыIэу макIуэ.

Дыгъужь абрагъуэр, и щхьэр гъэкIарэ и тхьэкIумитIыр исауэ, я куейм ирахуа Бажэнэ щIыкIым ар кьиуфэрэзыхьу, Бажэхуейм кьыхьауэ я Тет абгэм кьыхуэжIуэу щапхагъум, бажэхэм ар гъэщIегъуэн яящIхьащ. Тетым и бейгуэлхэм, Дыгъужьыр щIагъэIэн мурадкIэ, ихьу-иIуэ щIадзат, ащхьэкIэ:

- ЗэкIэ Iэжьэкъуэ ивмыч, лIэун! Ар си дежщ кьыздэкIуэр, Бажэнэ щIыкIым кьыскхуищэу ящIащ. ФыпIемкIыуэ зрарэ-ещIхьу кьеевгъэблагъэ, - жиIэри, Тетым зыгъуиуэфIащ.

ЛIыфIыгъэ зэрымыгъахуэу, «Кьеблагъэ, зиусхьэн!» - жаIэу, щхьэщэ ящIу пежьа бейгуэлхэр кьэримыдзэу, Дыгъужьыр Тет абгэм бгъдыдыхьэри, сэламИ хэмыту, еупIащ:

- Мы лажьэ зимыIэ бажэ кIэщыIуц цыкIэр хьэIупс пщIыуэ Зэрыджэкъуэм щхьэ дэпхуа? ЛIо, акъыл зиIэр пIъагъу мыхъуу ара?

- Ара, Дыгъужь укъыщIыскхуэкIуар?! - Кьэуфэб жьыIэ ЗэрыджэкIэ. - Уэ удыгъужьыщ, дэ дыбажэщ! Сыт тщIэми, сыт дпэжьми уи Iуэху хэтъкъым! Куэдрэ уи ажэ ди бжьхь кьыумыпх! Ей, бейгуэлхэI.. - жиIэу гуоуа щхьэкIэ, модрейхэм зыкърачыну хунэмысу, щхьэужьыр Тет ябгэм жьэхэтьщ, и пщафэр дзапэкIэ нубыдщ, фIыуэ иудынышщэри хьинтIрэхьисэу хьифIихуащ. Тет абгэр кьыщIыщыжри, макIуэ-мэтьет, мэзым хэтьэдэжащ. Бейгуэлхэмя и кIэр я бэкъум дауплIэри, Дыгъужьым нэбгъэзкIэ хуеплъэкIыурэ, пьэнжьыкъуэ зэрыщIащ, ауэ зыми гупыж ищIакъым Тет абгэм и хэщIапIэ хъуар кьихутэну. Щхьэщэжьым Тет абгэр щыщIигъэIэм, абы хуэмыарэзыуэ щыта бажэ хэр зэхуэжэсри, пIалъэ кьыхамыгъэкIыу Тетыщ Iэ хахьну мурад ящIащ.

- Хэт хэтхьну фIыарэзыгъэ? - жиIэу гупым я нэхъыжьыр щыщIэупщIэм, Дыгъужьыр хахьну зыфIэзахуэ кьаэжIащ.

- Ар мыхъун Iуэ хущ, - идакъым Дыгъужьжьым. - Сэ Дыгъужьыкъуэ щыпсэу дыгъужьхэм сратетщ. Ящ щIар си дежкIэ. Армырами, бажэ хэм дыгъужь я пIащэу щытыну кьезгъэкIуркъым. ФIырэ Iейрэ зыхэмыт пIэпкъ щыIэкъым. ПIэпкъым и тепщэр езыхэм ящыщу щытын хуейщ, армыхьмэ, хамэIэзэкIэ щыпсаранэ упщIэ хуэдэщ. И акъылкIи и тепIэкIи Бажэнэ щыкIур сэ сигу иро хь. Ар хэфкмэ, фыщыцэнкъым. Сэ фыкьыскуей хьумэ, си хэщIапIэр Бажэнэ ещIэ, сыкьигъуэтынщ, - щыжиIэм, псори абыкIэ арэзы хуащ.

Апхуэдэу Бажэнэ щыкIыр Зэрыджэкъуэм я Тет хъуащ, бажэмэ я гум жьы дихужащ. Зи тетыныр зыуха бажэжьыр Мыщэкъуэ дэщхьэрыуаэу, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжырт: «Сэ схуэдэ гуэрым ирагъэкIынщ е пщIауэ фIы уущымыгуГъ щыхьакIар. Си насыпыр си Iэкlэ скъутэжащ...»

БОЗИЙ Людин.

● Нэщэнэхэр

Вагъуэбэр щIым хэплъэ-МЭ

❂Блэгъур жьэ[illegible]чу ҳыҿIэбдзэу ядэртэкъым.
❂Былым къозытыр щIэмыфыгъужмэ, мэбагъуэ.
❂Вагъуэбэр щIым хэплъэмэ, къэб къуэпсым ведз.
❂ГъущIыпэкIэ дзэм удэIэбэну фIыкъым.
❂Брыскъым уелъапэуэну фIыкъым, зы дзэкъэгъуэ нахь мащIым зыгъбгъэхуэн хуейщ.
❂Сыхапхъэр уэмэ, хьэщIэ къэкIуэнущ.

● Щlалэгъуэ

Гъуэздэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым хьыдэбз дахэ куэд щодж. Ауэ мы кьэдгъэльапгъуэхэр я щIэныгъэкIи я зэфIэкIкIи адрейхэм кьахощ.

1. Хъупэ Марианнэ актер Iэзэгъымкlэ адыгэ студием и 4-нэ курсым щIэсщ.

2. Дадышевэ Ренатэ щэнхабзэ менеджментымкIэ къудамэм и 4-нэ курсым щоджэ, «Антре» шоу-балетым и художественнэ унафэщIщ.

3. Дэхъушокьуэ Мадинэ телевиденэм и режиссурэмкIэ къудамэм и яп курсым и студенткIэ, «Мисс КБР» зэхьэзэхуэм щытекIуаитхуи ящыщщ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Тхыдэ зиlэ уэрэдыжь

Мы жыгыщхьэм утызолхьэ, ар си Iэдиихуу!
Кьуалэбзухэм усфIашхыж, ар си Iэдиихуу!

Мы жыг льабжьэм ущIызолхьэр,
ар си Iэдиихуу!
ХьумпIэщIэджхэм усфIашхыж, ар си Iэдиихуу!

Си гуфIакIэм удызолхьэ, ар си Iэдиихуу!
Хьэдэ бамэм симыгъакIуэ, ар си Iэдиихуу!

Дэ ди унэ усхьынутп, ар си Iэдиихуу!
Хамэ хьэдэр зехьэгъуейщ, ар си Iэдиихуу!

Фэ фи унэ усхьыжынутп, ар си Iэдиихуу!
Уи адэ-анэр уи хьэрэмщ, ар си Iэ диихуу!

Гъуэплъэ бэни удэс лъхьэнут, ар си Iэдиихуу!
Гъуэплъэ бэни сэ симыIэ, ар си Iэдиихуу!

Дэнэ, дэнэ сэ усхьыну, ар си Iэдиихуу!
Дэнэ мыгъуэмэ усхьыжыну, ар си Iэдиихуу!

Iэдиихуу зыпыльэ щIалэм иратыртэкьымэ, дэкIуэсащ. ТIури зы шым тесу мэзымкIэ щIипхыкIым, мэз адакъэр кьыхэльэтри, шыр игъэщтащ. Шыр щIэльэтри, тIури кьехуэхащ. Iэдиихуу и куэнщыбэм хэль кьупщхъэ папщIэр и гум хэуэри, абы илIыкIащ. ЩIалэм уэрэдыр иусащ.

А тIури хэтхэ ящыщу щытами, Iуэхур сыт зэрамым кьэхъуами, кьэзыIуэтэжахэм ящIэжьыркъым.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.

Куэд елъытащ зэманым

ТАЛАНТЫМ пэрыуэфын, ар зыубыдыш цыкIэкъым, жаIэ. Сэ абы кьытызохьэ щэч. Адрей псоми хуэдэу, мы дунеижьым зэригъэкIэрахьэщ талантри. Куэд елытащ зэманым, щыпIэм, псэукIэм...

Моцарт и ади, и ани, и кьуэш-ишыпхьу нэхъыжьхэри - къэзыпхъуан кьыдаопхъуан музыкэр я гъащIэу, я дунейуэ псэурт. Жэщыр хэкIуэтэнауэ щызэгъэжьа тIэкIым фIэкIа кьэмынэу, я унэм кьыщыIурт макъамэр е абы теухуа псалъэмакъ щекIуэкIырт. Иужь ихьэпами, Моцарт хуэфIэкIынутэкьым музыкэм пIэпIэ зищIыну.

НтIэ, а талантышхуэ кьыдалъхуари зэриIэу, а зэман жьыкъэм ди адыгэ кьыуажэхэм щыщ зым, псальэм папщIэ, Аушыджэр кьуажэкIэм, кьыщалъхуауэ щытамэ-щэ Моцарт? ХьэбанэмакъэнкIэ щыщ зым, псальэм папщIэ, Аушыджэр кьуажэкIэм, кьыщалъхуауэ щытамэ-щэ Моцарт? ХьэбанэмакъэнкIэ щыщ зым, псальэм папщIэ, Аушыджэр кьуажэкIэм, кьыщалъхуауэ щытамэ-щэ Моцарт? Хьэ банэмакъ нэхъ музыкэшхуэ зэхимыхрэ щIым и пэр етауэ белкIэ, гуахьэжкIэ лажьэу дунеим тетамэ? Моцартыну пIэрэт Моцарт? Композиторыщхуэ хъун дэнэ кьэна, музыкэ щыIэми-щымыIэми имыщIэу, кьыгъэщIэнэр кьигъащIэу лIэжьыкIэ хъунут.

● Си хъуреягъкIэ

Ар япэм. Иджы-щэ? Дунейпсо зыужьыныгъэм зи хьыринэр щIиупскIэ кьалэ нэ хъ пэрыт дыдэм и курыкупсэм кьыщыхутамэ-щэ а композитор иныр зыхалъхуа унатащ зэманым, щыпIэм, псэукIэм...

Моцарт и ади, и ани, и кьуэш-ишыпхьу нэхъыжьхэри - къэзыпхъуан кьыдаопхъуан музыкэр я гъащIэу, я дунейуэ псэурт. Жэщыр хэкIуэтэнауэ щызэгъэжьа тIэкIым фIэкIа кьэмынэу, я унэм кьыщыIурт макъамэр е абы теухуа псалъэмакъ щекIуэкIырт. Иужь ихьэпами, Моцарт хуэфIэкIынутэкьым музыкэм пIэпIэ зищIыну.

НтIэ, а талантышхуэ кьыдалъхуари зэриIэу, а зэман жьыкъэм ди адыгэ кьыуажэхэм щыщ зым, псальэм папщIэ, Аушыджэр кьуажэкIэм, кьыщалъхуауэ щытамэ-щэ Моцарт? ХьэбанэмакъэнкIэ щыщ зым, псальэм папщIэ, Аушыджэр кьуажэкIэм, кьыщалъхуауэ щытамэ-щэ Моцарт? Композиторыщхуэ хъун дэнэ кьэна, музыкэ щыIэми-щымыIэми имыщIэу, кьыгъэщIэнэр кьигъащIэу лIэжьыкIэ хъунут.

ГъэщIэгъэнкъым, сыт щIа дунейр зэрызэтетрэ, щыхуэ зэрыщыIэрэ зэрыхъу тIэкIуми епIть.

Сэ си фIэщ мэхъу: дунейр зэрызэтетам хуэдизрэ щыхуэ пIэпкъыр щыщIэмэ, жьыгъэми зыгуэр ирищIэнщ - зриГъэсэнщ ныжь хъу и ипIэпIэпкъэхэр щIэкIэ ихьэужьыфу!

ХЬЭХ Сэфарбий.

Нанжьгуэщlыр зыгъэхъэзырар щIХЬЭЩЭМЫЩI Иэзэщ.

Щыгъуэ псалъэ

Абаза-абхъаз-адыгэ лъэпкъым и къуэ гъуэззэджэ, КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ, тхакIуэ Iэзэ Тхьэицтыху Бемырзэ Хъанджэрий и къуэр зэрылIар ди гум щIыхьащ.

Дунейм ехьжам и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ, ди къуэш Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм и цIыху псоми дахуогузавэ.

ТхакIуэ емызэщыж Тхьэицтыху Бемырзэ Хъанджэрий и къуэр и фэеплъыр игъащIэкIэ дигу илъынщ.

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я цIэкIэ
ДЭМЫХЬ Кьасболэт,
ХЬЭФЫЩЦIЭ Мухьэмэд.
Налшык къалэ, 2007 гъэм фокIадэм и 21-м.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзыр ТхакIуэхэм я союзым хэт **Къагьырмэс Борис Хьид и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Галачиевэ Жаннагуэ Хьид и пхъур** зэрыпIам къыхэкIыу.

Псалъэзэблэдз

ЕкIужIыу: **3.** Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **7.** ХадзэкII. **10.** УемыIусэ, укъысынщ. **13.** ГъукIэм и лъэщапIэ. **14.** НысащIэр къызыхэкIа унагъуэр. **15.** ... бэлътоку. **16.** ЩIыIум нэгъуэщIу зэреджэр. **17.** Псэльэным хуэIэзэ. **18.** Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу дъэпкъ. **21.** Пщым и IэухутхьэбзащIэ. **22.** Кьамэ Iэпщэм хэль ... . **23.** Нартыхум къыхащIыкI адыгэ шхыныгъуэ. **28.** Шыуанышхуэ. **30.** ПIалъэ-пIалъэ кIэрэ зэхъыхь бззэрыщхуэ. **31.** «ФIыщIэ» псалъэр нэгъуэщIу зэрыжаIэ. **32.** ХьэкIэжхъуэкIэ. **33.** Бжьхъуцым къыхэщIыкIа щэкI Iуэ лъэпкъ. **36.** ПщIий къызыпкIэ жыг. **41.** Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымыль. **42.** Дунейр щыщIыIэм дежбахъэ упщIыIуэм къыхэкI уэс пIащIэ. **45.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **47.** ТхылъымпIэ шыхьа. **49.** Налшык дэт хьэщI эщ. **51.** Щыхь лъэпкъ. **52.** Кьэнжал хьэку цIыкIу. **54.** Уафэм кьех псыIагъэ. **55.** КIапIэ кьызыхах кьэкIыигъэ. **56.** КIыщокъуэ Адам и роман. **58.** Гъущ быдэ лIэужьыгъуэ.

Къехуу: **1.** Гъатхэм пасэу ди щIыпIэм кьэльэтэж кьуалэбзу. **2.** Хадэм зэриджьыхь Iэмэпсымэ. **4.** ЩэкIым, лъхьэстэным кьыхэщIыкIа зыгъужьын щIыкIу, тутын ириззрахьэу щытауэ. **5.** Зи пхьафэр гъуабжафэ-фIыщIафэ жыг быдэ лъэпкъ. **6.** Адыгэ тауэрыхьэм зэущIрихьэлIэ щIыхьу абрагъуэ. **8.** Iэщым и щIэжьей. **9.** Бзылъхугъэ ныбжьыщIэ. **11.** Псым адэкIэ кьыщылъ щIы. **12.** Кьуажэ тепщэу щытаг. **19.** Бахъэзэн районым щыщ кьуажэ. **20.** ... пыIэ. **22.** Хьэкъущыкъым щыщ. **24.** Адыгэ таурыхъэм узыщIрихьэлIэ щIыхуб хьилIэмы. **25.** ЩIымахуэ щыгъын. **26.** КъурJэн щIыкIу. **27.** ПсэущхьэмI, щIыхуэ и лъэ къыщIэзыфыкI гъуэгъабдзэ щIыкIу. **29.** Кьуацэчыцэм къыпыкI пхъэщхьэмыщхь хъуреЙ щIыкIу, фIыщIэ-кьащхьуафэу. **31.** ХадзэкI. **34.** ГъукIэ ЕмэпсымэI. **35.** Адыгэ псальэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар щыту малIэ. **37.** Щыгъыным хищIэ хьэпащIэ. **38.** Бын. **39.** СомфIыщIэм щай кьыхэпхэ, кьанэр. **40.** Дэрбзэр Iэмэпсымэ. **43.** КъБР-м пэгъунэгъу кьалэ-курорт. **44.** Пащэ, ин. **46.** Псы Iуфэ лъагэ. **48.** Псы къызыдэж къуэ, бгы зэхуаку. **50.** ЩIакъхъуапхъэ. **52.** Лъагэу зэтекIута гуэр. **53.** Мэш хьэуазэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

ФокIадэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуэуапхэр:

ЕкIужIыу: **5.** Дымэн. **6.** Iэщщэ. **9.** Унагъуэ. **11.** Тамбий. **12.** «Хъымсад». **15.** Выид. **17.** Аж гъуэмэ. **18.** Аныдж. **19.** Гуащэнэ. **20.** Уэзэльэ. **24.** Лащэ. **25.** Уэздыгъэ. **26.** Лъэпщэ. **29.** Украин. **30.** «Мадинэ». **31.** Бжьэхуэ. **33.** Токъуий. **34.** «ЛъыщIэж».

Къехуу: **1.** Пушкин. **2.** Шэру. **3.** КIуэкIуэ. **4.** Пщэрыпль. **7.** «Мазэгъуэ». **8.** «Насыи». **10.** Батыр. **13.** Бжьэдэхъу. **14.** «Гумызагъэ. **16.** Драмэ. **18.** Ашэпль. **21.** «Садко». **22.** АдыгэшI. **23.** Пшынэ. **27.** Диктор. **28.** Жанхьэут. **31.** Бзий. **32.** Црым.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**

ДИХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щIкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жуэап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМ ЗЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущапи Iэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапи Iэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм и эу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэпытуэ зыщытэу щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкIэ жуэап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щихьэзэрэм хьыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и илъэ зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и щIкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жуэап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Ширдий Мариндж, корректорхэр ПхьатIкI Юрэ *(3,4-нэ нат.)*, Щоджэн Инэ *(1,2-нэ нат.)*, корректорхэм я дэлажьэхэр Нуан Зарэ. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ:* ГъукIэлI Рае, ЩакIуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ тедзэ хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъуэм сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531● Тираж 10.045● Заказ №2766